# Moynaq medicina tarawı boyınsha jetekshi orıngʻa shıgʻadı

Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministri M.Qurbanov: « – Medicina tarawı boyınsha Moynaq jetekshi orıngʻa shıgʻadı!»

Búgin Moynaq rayonlıq medicina birlespesine qaraslı kóp tarmaqlı shańaraqlıq poliklinikanıń jańa imaratı paydalanıwǵa tapsırıldı. Imarattıń ashılıw saltanatına rayon hákimi E. Edenbayev qatnasıp,  taraw xızmetkerlerin jáne bir ret bayram menen qutlıqladı. Sonday-aq, usı jıldıń 6-noyabr sánesinde Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyev basshılıgʻında bolıp ótken videoselektor jıynalısında densawlıqtı saqlaw sistemasınıń birlemshi buwının jetilistiriw hám de xalıq arasında salamat turmıs tárizin qáliplestiriw máseleleri dodalangʻanlıgʻın ayrıqsha atap ótti.

Image not found or type unknown

Ilajgʻa rayon turgʻınları, Ózbekstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministriniń orınbasarı A.Inayatov, Qaraqalpaqstan Respublikası Densawılıqtı saqlaw ministri M.Qurbanov  hám Qaraqalpaq Medicina institutınıń rektorı O.Ataniyazovalar qatnastı.
Olar óz sózlerinde aymaq xalqın jańalıq penen qızgʻın qutlıqlap, rayon turgʻınları hám medicina xızmetkerleri ushın bir qatar jańalıqları bar ekenligin aytıp ótti.

Image not found or type unknown

Atap aytqanda, búginnen baslap Qaraqalpaqstan Medicina institutınıń pitkeriwshi studentlerine ámeliyat sabaqları Moynaqta ótiledi. Olardı shańaraqlıq shıpakeri etip tayarlaw maqsetinde Moynaq rayonlıq medicina birlespesiniń tájiriybeli shıpakerlerine bekitiledi. Sonıń menen birge, jas kadrlardı turaq jay menen támiyinlew ilajları kóriledi. Studentlerdiń teoriyalıq bilim alıwı úziliske túspewi ushın onlayn sabaqlar shólkemlestiriledi. Jańa poliklinikanıń 24 saat dawamında jumıs islew sisteması jaratıladı.

Medicina tarawındagʻı búgingi jańalıqlar rayon turgʻınların úlken quwanıshqa bóledi. Soń ilaj qatnasıwshılar qolı gúl qurısshılarımız tárepinen boy tiklegen jańa imarattıń qurılısı, puqaralar ushın jaratılgʻan sharayatlar menen tanıstı.

Moynaq rayonı hákimiligi Málimleme xızmeti baslıgʻı